**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–04.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि अछि जे संसदक दुनू सदन सँ वक्फ संशोधन विधेयक आओर मुसलमान वक्फ निरसन विधेयक पारित होयब सामाजिक–आर्थिक न्याय, पारदर्शिता आओर सामवेशी विकास दिस एक ऐतिहासिक मौका अछि। श्री मोदी एक सोशल मीडिया पोस्ट मे संसदीय समितिक विचार–विमर्श मे हिस्सा लेबयवला सभ सांसदक आभार व्यक्त कयलनि। प्रधानमंत्री ओ लोक सभ के सेहो धन्यवाद देलनि जे सभ संसदीय समिति के अपन सुझाव पठौलनि। श्री मोदी जनौलनि जे वक्फ प्रणाली मे कतेको दशक सँ पारदर्शिता आओर जवाबदेही नहि छल, जाहि सँ गरीब मुस्लिम, महिला आओर पसमांदा मुस्लिम सभक हित के नोकसान भेल। प्रधानमंत्री जनौलनि जे संसद सँ विधेयक पारित भेला सँ पारदर्शिता बढत आ लोकसभक हित सुरक्षित होयत।

---

गृह मंत्री अमित शाह संसद द्वारा वक्फ संशोधन विधेयक–दू हजार पचीस के स्वीकृत देला के ऐतिहासिक जनौलनि अछि। सोशल मीडिया पोस्ट में श्री शाह जनौलनि जे एहि सँ कतेको बरख सँ चलि आबि रहल अन्याय आओर भ्रष्टाचारक अंत भेल अछि आओर न्याय आ समानताक युग शुरू भेल अछि। ओ जनौलनि जे ई विधेयक सँ वक्फ बोर्ड आओर वक्फ संपत्ति बेसी पारदर्शी आओर न्याय संगत होयत। ओ जनौलनि जे एहि सँ मुस्मिल समुदायक गरीब, महिला आओर बच्चा सभ के लाभ भेटत।

---

एम्हर, उप मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा वक्फ बिल के पारित भेला के ऐतिहासिक जनौलनि अछि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे ई बिल सँ वक्फ संपत्तिक प्रबंधन मे पारदर्शिता आओत। ओ जनौलनि जे ई बिल गरीब, शोसित आओर पिछड़ल तबकाक मुस्लिम समाज लेल बढ़िया रहत।

---

केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह जनौलनि अछि जे वक्फ बिल के लऽकऽ विपक्षी दल लोकसभ के भरमा रहल अछि। संसद भवन परिसर मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे ई बिल सँ वक्फ के बेसी मजगूती भेटत।

———————————————————————————

केन्द्रीय मंत्री आओर जदयूक वरिष्ठ नेता ललन सिंह जनौलनि अछि जे वक्फ विधेयक के विरोध करयवला लोकसभ के राजद अध्यक्ष लालू प्रसादक ओ पुरान भाषण के सुनबाक चाही जाहि मे वक्फक खिलाफ कड़गर कानून मांग कयने छलाह। संसद परिसर मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे बिलक विरोधक कोनो औचित्य नहि अछि।

———————————————————————————

जदयूक राज्यसभा सांसद संजय कुमार झा जनौलनि जे वक्फ बिल के पास भेला सँ सभ सँ बेसी लाभ पसमांदा मुसलमान के होयत। संसद भवनक बाहर पत्रकार सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे बिहार मे पसमांदा मुसलमान आबादी बहत्तरि प्रतिशत अछि। ओतहि, राजदक राज्यसभा सांसद मनोज झा जनौलनि जे वक्फ संशोधन विधेयक असंवैधानिक आओर धर्मनिरपेक्षताक मूल भावनाक खिलाफ अछि। ओ जनौलनि जे एनडीए सरकार दुनू सदन मे बहुमत रहबाक कारण ई बिला के पास अछि।

———————————————————————————

वक्फ संशोधन बिलक खिलाफ सुप्रीम कोर्ट मे दू याचिका दायर कयल गेल अछि। एआईएमआईएम सांसद असदुद्दीन ओवैसी आओर किशनगंज सँ कांग्रेस सांसद मोहम्मद जावेद ई याचिका दायर कयलनि अछि।

———————————————————————————

हिन्दी फिल्मक जानल–मानल अभिनेता मनोज कुमारक आइ निधन भऽ गेलनि। ओ सत्तासी बरखक छलाह आओर पछिला कतेको दिन सँ बिमार रहैथ। मनोज कुमार भारतीय दर्शक के कतेको बढ़िया फिल्म देलनि जाहि मे–उपकार, रोटी कपड़ा आओर मकान, क्रांति, शोर आओर पूरब पश्चिम प्रमुख अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सहित फिल्म, कला आओर राजनीति जगत सँ जुड़ल लोकसभ मनोज कुमारक निधन पर शोक जतौलनि अछि।

———————————————————————————————————

राजस्व आओर भूमि सुधान मंत्री संजय सरावगी जनौलनि अछि जे भूमि सर्वे लेल स्वघोषणाक संग जमीनक सभ कागज देब जरूरी नहि अछि। जमीनक जे कागज रैयत लऽग छनि ओहि सभ के जमा कऽ सकैत छथि। बाकी कागज किस्तवार आओर खानापुरी काल जमा करय पड़त। मंत्री जनौलनि जे एकतीस मार्च धरि एक करोड़ पन्द्रह लाख स्वघोषणा भेटल अछि।

———————————————————————————————————

शिक्षा विभाग बढैत गरमी के देखैत सभ सरकारी विद्यालय के चलबाक समय मे बदलि कयलक अछि। सात अप्रैल सँ एक जून धरि प्रारंभिक आ माध्यमिक विद्यालय भोर छओ बाजिकऽ तीस मिनट सँ दूपहर बारह बाजिकऽ तीस मिनट धरि चलत।

———————————————————————————————————

केन्द्रीय नागरिक उड्यन मंत्री राम मोहन नायडू नव दिल्ली सँ दरभंगाक लेल एक नव उड़ान सेवा शुरू कयलनि। ओ जनोलनि जे ई नव सेवा सँ रात्य मे पर्यटन आओर आर्थिक विकास के बल भेटत। एहि मौका पर जदयूक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष सह राज्यसभा सांसद संजय कुमार झा आओर दरभंगाक सांसद गोपालजी ठाकुर सेहो छलाह।

———————————————————————————————————

उदीयमान सूर्य के अर्घ्य अर्पित कयलाक संगहि चैती छठ महापर्व चारि दिवसीय अनुष्ठान आइ संपन्न भऽ गेल। गंगा, गंडक, कोसी, बागमती आओर सोनक संगहि पोखरि जलाशय आओर अस्थायी घाट पर लाखोंक संख्या मं श्रद्धालु सभ भगवान भास्कर के अर्घ्य अर्पित कयलनि। एकर बाद छठि व्रतीसभ पारणक बाद प्रसाद ग्रहण कयलनि।

———————————————————————————————————

समाप्त भेल